

## **Long Island FQHC Kòd Kondwit pou Pasyan**

Long Island FQHC (LIFQHC) kwè nan trete moun avèk diyite, respè epi koutwazi.

Objektif nou se ede yo pou yo kapab an sante.

Pou sa fèt, nou bezwen genyen yon espas ki sekirize pou tout pasyan, kliyan, fanmi, ak manm pèsònèl yo.

### **Antanke pasyan, mwen konprann LIFQHC ap konte sou mwen pou m:**

1. Respektye epi pran an konsiderasyon lòt pasyan yo, manm pèsònèl, ak tout lòt moun nan sant sante a oswa anndan pwopriyete LIFQHC a.
2. Respektye epi pran an konsiderasyon pwopriyete LIFQHC ak pwopriyete lòt moun.
3. Bay enfòmasyon ki konplè epi ki kòrèk konsènan sante m. Sa gen arevwa ak pwoblèm sante mwen genyen kounye a ak pwoblèm sante mwen te genyen anvan, medikaman m ap pran, lè mwen te nan lopital la, ak tout lòt sijè ki gen pou wè ak sante m.
4. Bay enfòmasyon ki kòrèk konsènan asirans sante m oswa lòt enfòmasyon ki gen rapò ak peman pou swen mwen.
5. Si w genyen nenpòt kesyon konsènan swen an oswa ou pa kontan avèk sèvis ou te resevwa nan biwo nou an, tanpri kontakte administratè nou an anvan ou kite biwo nou an pou nou ka jere tout klarifikasyon konsènan swen ou a oswa sèvis ou te resevwa yo.
6. Tanpri kominike tout pwoblèm ou ta swete diskite avèk doktè a nan moman w ap pwograme randevou a, pou yo ka prevwa yon kantite tan ki apwopriye. Si w pa fè sa alavans, yon lòt vizit kapab nesèsè pou doktè a ka bay tout pasyan yo tan ak kalite swen yo merite.
7. Si w gen kesyon konsènan faktirasyon LIFQHC a, ou kapab kontakte depatman faktirasyon an nan: 516-296-2700 Opsyon 1, Bwat Lapòs #60998
8. Tanpri fè prèv koutwazi nan itilizasyon telefòn selilè w ak lòt aparèy eletwonik yo. Lè w ap diskite avèk nenpòt nan manm pèsònèl nou yo, tanpri elwaye aparèy ou yo. Pwograme sonri a pou l ka vibre anvan ou depoze aparèy la. Pa anrejistre okenn pati nan vizit ou nan sant sante a san pèmisyon manm pèsònèl la ak lòt pasyan ki kapab anrejistre yo.
9. Granmoun yo sipoze sipèvizite pitit yo.

### **Konpòtman sa yo pa akseptab:**

- Joure oswa sèmante
- Itilize langaj oswa konpòtman ki menasan oswa ki seksyèlman pa apwopriye
- Entimide oswa fè asèlman sou manm pèsònèl oswa lòt pasyan yo
- Fè menas vyolans oswa nwizans atravè apèl telefònik, lèt, mesaj vokal, imèl oswa lòt fòm kominikasyon ekri, vèbal, oswa elektwonik
- Agresyon fizik oswa menas pou andonmaje kò moun
- Andonmaje ekipman oswa pwopriyete biznis la
- Fè jès, remak menasan oswa ki deplase
- Fè ensilt rasyal oswa kiltirèl
- Posede zamafe oswa nenpòt zam
- Konsome alkòl oswa dwòg nan sant sante a oswa anndan pwopriyete LIFQHC a
- Fimen nan sant sante a oswa toupre sant sante a oswa anndan pwopriyete LIFQHC a
- Volè nan sant lan, volè manm pèsònèl, oswa lòt pasyan

- Piblikasyon menasan oswa ki pa apwopriye sou rezo sosyo konsènan LIFQHC oswa manm pèsonèl li yo.

**Nou atann pou tout pasyan yo swiv Kòd Kondwit nou an. LIFQHC pral aplike Kòd Kondwit sa a. Nou kapab mande pou w pa vini nan sant sante nou an si w pa swiv li.**